



Urban Justice Center
666 Broadway, 10th Floor
New York, NY 10012
Tel: (646) 602-5600
Fax: (212) 533-4598
www.urbanjustice.org
individual rights • social change



THE NEW YORK IMMIGRATION COALITION
137-139 West 25th Street, 12th Floor
New York, NY 10001
Tel: (212) 627-2227 / Fax: (212) 627-9314
www.thenyic.org

KONNIN DWA-W SO ZAFE ASISTANS EKONOMIK POU LOPITAL

Nouvo Lwa Nan Leta New Yok a pati 1er janvie 2007

A pati premie Janvie 2007, tout lopital prive kou piblik nan leta New Yok ap oblije ede tout malad peye pou sèvis ke yo te jwen nan lopital yo. Nouvo lwa sa la pou bay moun nan New Yok plis posibilite pou yo jwen sèvis sante epi pwoteje moun kont bòdwo lopital ak pratik koleksyon lajan injis. Si ou pa gen ase lajan oubyen ou pa gen asirans sante, ou byen si ou pakab peye pati nan bòdwo lopital la ou responsab pou li a, oubyen si ou pakab peye dediktib sou asirans lan, ou gen dwa aplike pou asistans ekonomik pou bese bòdwo lopital ou.

Lè ou aplike pou asistans ekonomik, lopital la ka mande-w konbyen kob ou fè, konbyen moun ki viv avè-w, kote ou rete epi kisa ou posede. Tout moun ki rete nan leta New Yok eligib pou asistans ekonomik nan lopital yo, kelkeswa sityasyon-w nan imigrasyon. Si yo ba-w asistans ekonomik nan lopital la, li pa dwe afekte sityasyon-w nan imigrasyon. En plis de asistans ekonomik ke lopital yo dwe bay pou fè swen medikal yo pi bon mache, lopital yo ka ede moun New Yok ki san asirans aplike pou asirans sante piblik yo ki gratis oubyen bon mache. Pwogram asirans sa yo sennesof pou imigran itilize.

Lopital yo dwe :

- ◆ Ofri yon rabè pou malad ki rete domi nan lopital yo, malad ki ap fè ale vini, epi malad ki itilize sèvis ijans depi yo ranpli kondisyon eligibilite yo. Ou gen dwa aplike jiska 90 jou apre ou finn kite lopital la.
- ◆ Ofri yon plan ranbouseman ki gen yon pri akseptab pou'w ka finn peye bòdwo'w la to moso pa ti moso.
- ◆ Infòmè'w de asistans ekonomik ke yo genyen lè ou ap enregistre nan lopital la. Epi yo dwe mete li sou chak bòdwo ke yo voye pou ou. Lopital yo dwe mete pankat nan plizyè lang ki pale de asistans ekonomik ke yo ofri.
- ◆ Bay yon aplikasyon ki klè e simp. Lopital'la dwe bay sèvis tradiksyon gratis si ou bezwen èd avek yon lang ki pa angle. Toujou mande pou yon tradiktè.
- ◆ Voye yon lèt ki gen desizyon ke yo pran sou aplikasyon'w la. Epi, si yo pa aprouve'w di'w kijan pou'w eseye chanje desizyon ke yo pran.
- ◆ Pa voye bòdwo nan ajans koleksyon yo si ou eligib pou asistans ekonomik oubyen medikaid.
- ◆ Fe si ke staf lopital'la ak ajans koleksyon'li yo konnin reg asistans ekonomik yo epi pou yo swiv yo.

Si okenn nan bagay Sa Yo Te Rive'W, silvouplè kontakte Valerie Gauthier nan Haitian-Americans United For Progress nan (718) 527-3776. Nou ka ede'w jwenn pi bon sèvis, epi nap travay ak lopital yo pou amelyore sèvis yo epi corije tout infraksyon.

Si:

- ◆ Lopital la pat di'w ke ou gen dwa aplike pou asistans ekonomik.
- ◆ Yo pat ba'w yon aplikasyon oubyen yon copi lwa asistans ekonomik lopital la lè ou te mande pou li.
- ◆ Ou pat ka aplike pou asistans ekonomik akòz de yon pwoblèm lang.
- ◆ Ou Negosye oubyen esye negosye yon plan pèman ak lopital la, men kòb pou'w peye chak mwa ou byen interè a twò elve. Lopital yo pa gen dwa mete pèman pa mwa ki pi elve ke 10% total kòb ou fè pa mwa.
- ◆ Yo te mande'w bay twop infòmasyon oubyen infòmasyon ki pa nesèsè lè ou t'ap aplike a, oubyen yo te mande'w bay dokiman ke ou pat ka jwenn.
- ◆ Yo te mande'w bay infòmasyon sou valè machinn ou, kay ou, inivèsite oubyen kòb retrèt ou.
- ◆ Yo pat ba ou ase tan pou aplike pou asistans ekonomik anvan ke yo te voye ka'w la nanajan koleksyon oubyen si yon ajans koleksyon te kontakte'w anvan menm ke ou te jwenn desizyon ke lopital la pran sou aplikasyon asistans ekonomik ou a.
- ◆ Ou te oblije vann oubyen bay kay ou paske ou pat ka peye bòdwo lopital la.

Lopital Yo pa gen dwa refize aplikasyon pou asistans ekonomik baze sou lang oubyen ras, oubyen pozisyon'w nan imigrasyon. Lopital yo Pa bay ajan imigrasyon infòmasyon sou ou.